


Pestisid ak Oumenm

Èske ou sèvi ak pestisid lakay ou?

Yo itilize pestisid pou touye oswa kontwole ensèk, move zèb, sourit, ak tout sa ki devlope sou plant ak manje. Yo debarase tou move odè ak mikwòb ki nan lè a, sou miray yo, ak sou planche yo. Pami pestisid yo genyen, espere ak poud kont pis ak tik, kolye bèt nan kay, dezenfektan ak asenise pou kwizin, espas kote yo fè lesiv, pwodui ki elimine odè mwazi ak kèk pwodui chimik pisin.



LÈ W AP APLIKE PESTISID YO POUKONT OU:

- TOUJOU li ak swiv enstwiksyon ak avètisman pwoteksyon ki sou etikèt pestisid yo.
- Itilize amòs anvan epi pa espere pou touye ensèk yo ankò (ravèt) oswa sourit.
- Mete pestisid yo sèlman nan zòn ki kapab genyen ensèk nuizib tankou kote ki gen twou ak fant.
- Pa itilize dispozitif ki espere pwodui yo an ti goutlèt (bonm ensektisid) sof si sa trè nesèsè.
- Itilize pwodui ki fasil pou sèvi (sa ki pa egzije melanj), kèlkeswa lè sa posib.
- Itilize pestisid ki kòrèk—PA itilize andedan pestisid ki pou deyò.
- Pa itilize pestisid pi plis pase sa ki nesèsè—itilize kantite ki endike sou etikèt la!

FASON POU ANBOCHE YON OPERATÈ DEZENSEKTIZASYON POU APLIKE PESTISID:

- Asire moun lan sètifye pou li aplike pestisid lakay ou.
- Mande moun lan pou jwenn pwoblèm ensèk nuizib la tankou twou ak tiyo k ap koule anvan li mete pestisid la.
- Mande moun lan kote li te mete pestisid yo epi kilè li sennesòf pou retounen nan zòn sa yo.
- Mande moun lan etikèt oswa fèy enfòmasyon sekirite sibstans lan, (MSDS), pou w kapab li plis enfòmasyon sou pestisid li mete a.

FASON POU ESTOKE PESTISID:

- PA estoke anpil pestisid lakay ou, si sa nesèsè, achte sèlman pestisid w ap itilize chak fwa.
- Estoke pestisid SÈLMAN nan resipyan orijinal li, PA JANM mete pestisid nan resipyan ki itilize pou estoke manje ak bwason.
- Asire pestisid yo estoke nan plaka ki fèmèn, oswa mete yo kote pou timoun pa jwenn yo.

FASON POU DETWI PESTISID AK RESIPYAN PESTISID:

- Li etikèt la pou chèche konnen fason pou detwi pestisid yo ak boutèy yo.
- PA lage pestisid nan kanalizasyon oswa nan poubèl.
- Kontakte otorite lokal tretman dechè konsènan ranmasaj pestisid ki la lontan oswa pestisid ou pa bezwen.



Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Pwogram Pesticide Exposure Surveillance and Prevention (Siveyans ak Prevansyon pou Ekspozisyon nan Pestisid) nan nimewo: (850) 245-4277 oswa rele gratis nan nimewo 1-800-606-5810. Ale sou sit wèb nou: www.myfloridaeh.com/community/pesticide/